duducoelho.com

CHII CHINONZI

IVHU RINE UTANO KANA IVHU RAKAKORERA?

Ivhu rine utano ivhu rinorarama sechinhu chipenyu mukati mekudyidzana kwezvinhu zvinorarama. Kudyidzana kwezvinhu zvinorarama zvinoreva kuraramisana kwazvose zvipenyu zviri mune zvakatipoteredza (utachiona, miti, mhuka, vanhu) uye kuraramisana kwazvo pamwe nezvakatipoteredza (mhepo, kunze, ivhu, zuva, mamiriro okunze, etc.).

Ivhu rineutano rinotsigirawo utachiona mukati maro, rinokurudzira utano hwezvirimwa nemhuka zviri pamusoro paro, uye rinochengetedza nekuwedzera kuchena kwemvura munzizi uye mweya uri munzvimbo yakatipoteredza.

Kudyara zvirimwa zvakasiyana uye zvakakodzera pamamiriro ekunze kwakakosha kwazvo pakuchengetedza utano hwevhu. Zvirimwa zvakasiyana-siyana zvinopa mhando dzakasiyana-siyanawo zvakare zvekudya zvakasiyana kuhutachiona hwevhu. Naizvozvo utachiona hunozopawo kudya, mvura uye kumwe kudya kunovaka kuzvirimwa.

Ivhu rineutano rinoderedza kudiwa kwemafetireza uye mishonga yezvipembenene yekunze izvi zvinore kuwedzera zvakanaka kuvarimi.

www.acbio.org.za info@acbio.org.za Tel +27 (0)11 486 1156

african centre for biodiversity